

RAPÒ
ENPAK ED IMANITÈ APRE SIKLÒN MATYE
KA KANPEREN
DESANM 2016

ELKINS VOLTAIRE

Siklòn Matye se dènye gwo katastwòf ki frape Ayiti, espesyalman depatman Nòdwès, Sid ak Grandans nan jou ki te 4 oktòb 2016 lan. Nan sikonstans sa a, menm jan ak lòt avan yo, anpil aktè lokal, nasyonal epi entènasyonl te fè entèvansyon. Men ki enpak reyèl èd sa yo gen sou kominote yo? Èske kominote yo satisfè sou repons aktè yo pote pandan epi apre katastwòf yo? Ki jan moun yo santi yo nan fason aktè yo trete yo? Nan ki sans resous ki andedan kominote yo, kapasite rezilyans, sèvi pou rive fè fas ak sityasyon difisil apre katastwòf yo? Ansanm kesyon sa yo pouse yon gwoup etidyan sou zòd pwofesè Schuller tanmen yon gwo rechèch nan depatman ki frape yo.

Done ki te anrejistre epi analize nan rechèch sa ede konprann, nan mitan anpil lòt bagay ke: Èd ki vini apre siklòn Matye kòmanse pote chanjman nan vi sosyal, nan relasyon moun yo nan komin Kanperen, li kòmanse fè devlope yon konpòtman depandans/atantis; repons ke ajans imanità yo pote apre siklòn nan pa satisfè popilasyon an, Mwayèn pwen sou 10 ke popilasyon an bay otorite lokal yo, leta a, ak ONG ki se yonn apre lòt: 2.46, 2.02, 3.58 montre aklè nivo ensatisfaksyon moun yo; epi an dènye, nou ka wè aklè apre yon katastwòf, kominikasyon ajans imanità oubyen lòt aktè yo (otorite lokal, leta, ONG) kapab vini pi enpòtan pase èd ke yo pote.

TAB MATYE

Remèsiman	2
Lis tablo.....	3
ENTWODIKSYON	4
1. KOMIN KANPEREN	6
1.1 Kanperen yon ti kote apa	6
2. SIKLÒN MATYE NAN 4-5 OKTÒB LA	8
2.1 Dega ki fèt nan Komin Kanperen	8
3. METODOLOJI	10
3.1 Ete 2016	10
3.2 Desanm 2016	11
4. PREZANTASYON DONE YO	12
5. KONSIDERASYON AK PRENSIPAL KONSTATASYON	25
5.1 <i>Konsiderasyon sou kèk tablo</i>	26
5.2.1 <i>Èd ki vini kòmanse devlope yon konpòtman depandans / atantis nan mitan popilasyon an</i> .	
5.2.2 <i>Popilasyon pa satisfè sou jan ajans yo jere distribisyon</i>	31
5.2.3 <i>Tout apre yon katastwòf, komunikasyon ajans imanità kapab vin pi enpòtan pase èd answa</i>	34
6. REKOMANDASYON	35
 Bibliyografi.....	 37
Anèks.....	39

Remèsiman

Travay sa patap posib pou kont nou. Se poutèt sa nou ekri liy sa yo pou nou di mèsè ak sila yo ki te bay patisipasyon yo nan yon sans oubyen nan yon lòt pou li te ka reyalize. Nap kòmanse di mèsè ak pwofesè Mark Schuller ki dirije rechèch sa, li bay tanl, sanl, pasyans, konsèy li, savwa li pou li te reyalize anplis li sipèvize li epi eden korije l. kontribisyon li pa genyen pri paske san sans kritik li, disiplin syantifik li ak pwofesyonalis li nou patap rive. Nap kontinye san fè pèsonalite pou nou di mèsè ak fakilte Etnoloji ki te fòme-n epi soutni-n nan kad rechèch sa, Inivèsite Nò Ilinwa Ozetazini ki se yon patnè enpòtan nan travay sa, kòlèg ki te nan ekip rechèch la mèsè. kominote Kanperen an nan tout dimansyon l: majistra, òganizasyon yo OTEB espesyalman, plantè, elèv, pwofesè, chofè moto ki te kondwi nou tout kote nou tap ale san danje, ni aksidan yo te vrèman pasyan ak nou epi toujou disponib lè pou deplase ak nou. Zanmi ki te gide-n, akonpanyenn epi fasilte nou tach la sou teren Nahim, Jonas ak tout lòt yon gwo kout chapo pou nou. Nou ap kontinye di mèsè ak mèt otèl ki te akeyi-n epi ban nou bon manje pou nou te ka genyen kouraj pou travay chak jou otèl Familiy Villa ak obèj MAZNOD, nou vrèman genyen nou nan kè nou e nou te kontan akèy la ak jan nou te pran swen nou.

Sa tap manke sans si nou pa ta remèsye manm popilasyon an, ki se kè oubyen nanm travay sa a. Yo te resevwa nou ak anpil kè kontan epi te dispoze tan yo pou pale ak nou, pataje ak nou bonjan enfòmasyon sa yo, san nou menm nou pa tap genyen tout bann enfòmasyon sa yo ; chak jenn moun, adil ki te aksepte reponn kesyon nou mèsè anpil, anpil.

Pandan yon lòt fwa nap di tout sila yo mèsè yon dènye fwa, nou pap fini san nou pa di mèsè ak manm fanmiy nou ki se te yon sipò ekstraòdinè pou nou.

Mèsè anpil tout moun.

LIS TABLO

TABLO 1: ÈSKE MOUN NAN ZÒN SA KONN FÈ TÈT ANSANM?	12
TABLO 2: ÈSKE AYISYEN KONN FÈ TÈT ANSANM?	12
TABLO 3: ÈSKE NAN ZÒN BÒ ISIT MOUN BYEN YOUN AK LÒT?	13
TABLO 4: ÈSKE OU GEN KONFYANS NAN VWAZEN / VWAZIN W?	13
TABLO 5: ÈSKE W WÈ GEN AKTIVITE KOLEKTIF NAN ZÒN SA A?	13
TABLO 6: KI BEZWEN KI PARÈT PI IJAN NAN ZÒN NAN?	14
TABLO 7: ÈSKE W KWÈ PWOBLÈM SA YO KAPAB REZOUZ?	14
TABLO 8: ÈSKE OTORITE LOCAL, LETA AK ONG KAPAB REZOUZ PWOBLÈM SA YO?	15
TABLO 9: ÈSKE W WÈ ONG KAP TRAVAY NAN ZÒN SA YO?	15
TABLO 10: ÈSKE W TE RESEVWA YON SIPÒ NAN MEN ONG SA A?	15
TABLO 11: ÈSKE ONG YO POTE SOLISYON POU ZÒN NAN?	16
TABLO 12: ÈSKE ONG YO DWE RETE NAN ZÒN NAN?	16
TABLO 13: ÈSKE W GEN KONFYANS NAN OTORITE LOKAL YO, LETA A AK ONG?	16
TABLO 14: LESPRI PATAJ APRE SIKLÒN NAN	17
TABLO 15: LIS BEZWEN KE MOUN NAN KOMINOTE A DI YO GENYEN AK KONBYEN MOUN KI SITE BEZWEN SA	17
TABLO 16: PAMI TOUT BEZWEN KIYÈS KI PARÈT PRIYORITE POU OU	18
TABLO 17: ÈSKE PWOBLÈM SA YO KA REZOUZ?	19
TABLO 18: ÈSKE OTORITE LOKAL, LETA AK ONG KAPAB REZOUZ PWOBLÈM SA YO?	19
TABLO 19: LIS AKSYON KE MOUN YO TE POZE APRE SIKLÒN NAN EPI KONBYEN FWA LI REPETE	20
TABLO 20: AKSYON ASOSYASYON LOKAL YO TE POZE AK KI ASOSYASYON KI FÈ KI AKSYON	20
TABLO 21: AKSYON OTORITE LOKAL YO TE POZE AK KI OTORITE KI FÈ KI AKSYON	21
TABLO 22: AKSYON LETA TE POZE DAPRE POPILASYON AN	22
TABLO 23: AKSYON ONG YO KI TE SOU TEREN AVAN MATYE YO TE POZE AK KI ONG KI FÈ KI AKSYON	22
TABLO 24: AKSYON ONG KI VINI PAPRE MATYE YO TE POZE AK KI ONG KI FÈ KI AKSYON	23
TABLO 25: ÈSKE AKSYO SA TE EFIKAS?	24
TABLO 26: ÈSKE W TE RESEVWA SIPÒ NAN MEN ONG YO?	24
TABLO 27: ÈSKE TOUT MOUN NAN ZÒN NAN JWENN?	25
TABLO 28: MWAYÈN PWEN KE POPILASYON AN BAY ENSTANS KI TAP JERE REPONS APRE MATYE YO NAN KANPEREN	25

ENTWODIKSYON

Pou kòmanse nap fè yon ti rapèl istorik sou kesyon relasyon ant peyi Nò yo ak Sid yo pou rafrechì memwa sou kontèks ke ONG yo te parèt. Depi peryòd gran konkèt yo kote peyi ewopeyen yo tap mache kolonize yon pakèt tèritwa nan non relijyon, mond lan te antre nan yon nouvèl epòk¹. Epòk sa a karakterize pa piyaj, jenosid epi dominasyon tout pèp ki pa ewopeyen. Sa pral kontinye ak etablisman sistèm esklavajis la. Sa vini kreye yon mòd relasyon ant yonn ki di li fò, li sivilize epi tout lòt ki pa menm jan ak li, li rele yo sovaj, moun ki pa sivilize, baba². Sa rann ke relasyon yo dezekilibre epi mond lan vini divize ant kolonizatè-kolonize, nò-sid, peyi pòv-peyi rich. Depi lè sa tout efò ke peyi ki te anba dominasyon yo fè malgre yo vini soti nan esklavaj, lòt peyi yo ki se metwopòl yo oubyen ansyen metwopòl yo tante bloke yo. Yo kreye anpil konsèp pou fè elimine tout sa lòt yo posede, se sa ke Enrique Dussel³ rele « occultation de l'autre ». Relasyon ant pèp yo evolye anpil, li pran plizyè fòm, soti nan relasyon vwazinaj jis li rive pran yon dimansyon entènasyonal. Men avèk kreyasyon konsèp developman an 1949 nan diskou prezidan Truman, relasyon entènasyonal, rapò Nò ak Sid pran yon lòt dimansyon, yon kote genyen peyi ki devlope yo ki genyen kwasans ekonomik, teknoloji, sante elatriye epi peyi soudevlope yo ki genyen mizè, grangou, absans teknoloji, maladi elatriye⁴. Kidonk, peyi ki di yo rich yo bay tèt yo misyon pou pote èd ak developman nan peyi sa yo tankou se yon bann peyi ki te toujou jan yo ye a. Se nan kontèks sa ejemoni ameriken oubyen oksidan pral enstale epi yon pakèt enstitisyon tankou ONU, FMI, BM, ak anpil ONG pral pran nesans. En menm tan, Ayiti menm jan ak anpil lòt peyi nan amerik la ak Afrik pral resevwa anpil èd entènasyonal swa pou fè developman swa nan moman dezast natirèl sa ki rele èd imanitè.

Yon lòt fwa ankò Ayiti, menm jan sa rive souvan dènye ane sa yo, yon ouragan ki pat nan jwèt te frape nan jou ki te 4 oktòb 2016 la. Ouragan sa te frape sitou zòn Sid ak Grandans peyi a. li fè anpil dega, sa ki rann popilasyon kap viv nan depatman sa yo vini pi vilnerab ke jan sa te ye deja. Menm jan sa te toujou konn ye, anpil aktè lokal, nasyonal, entènasyonal mobilize pou pote èd bay sila yo ki frape nan depatman sa yo. Se sitiyasyon sa ki sèvi pretèks pou reyalize yon rechèch nan komin Kanperen nan depatman Sid pou konprann pi byen:

¹ Tzvetan Todorov, *La conquête de l'Amérique: la question de l'autre*; éd. Du seuil; 1982.

² Laënnec HURBON, *Le barbare imaginaire*, éd. Henry Deschamps, Port-au-Prince, P. 1-49

³ Enrique Dussel, 1492, *l'occultation de l'autre*, éd. Des ouvrières, Paris, 1992.

⁴ Gilbert Rist: *Le développement, Histoire d'une croyance occidentale*, éd. Presses de la fondation national des sciences, Paris, 2007.

1. Pandan siklòn sa kòman nan komin Kanperen solidarite a te ye ;
2. Nivo rezilyans moun yo ak ki resous yo te itilize pou fè fas ak katastwòf sa;
3. Ki aksyon moun kap viv nan lokalite a te poze;
4. Ki nouvo lidè lokal, imanité ki pwente ;
5. Ki aktè ki te entèveni epi ki tip entèvansyon yo te fè ;
6. Epi evalye kijan moun yo konprann èd ki te vini ak travay aktè imanité yo sou teren an.

Travay sa reyalize nan komin Kanperen paske se teren rechèch nou. Nou reyalize yon rechèch deja la sou kesyon « Estraji depa: enpak alontèm Èd ONG entènasyonal an Ayiti ». Se yon rechèch ki mete ansanm inivèsite leta Ayiti ak inivèsite ki nan nò Ilinwa Etazini. Nap ajoute, ke Rechèch sa a mennen nan 8 zòn nan peyi Ayiti, ki se: Sayira ak Dabonn pou lwès, Mabyal ak Bodwen nan depatman Sidès ; Pestèl ak Zabriko nan Grandans epi nan Pòsali ak Kanperen nan Sid. Kontèks siklòn Matye a se yon okazyon pou nou fè swivi rechèch la epi ranmanse lòt enfòmasyon ki ka ede nou konprann pi byen epi ale pi lwen.

Sou kesyon ONG, Nan ka Ayiti anpil moun kap reflechi sou kesyon ONG rele li repiblik ONG, Sauveur Pierre Etienne (1997) ki se yon sosyològ ayisyen pale menm de envazyon ONG yo. Jean Anil Louis-Juste (2009) prezante ONG tankou yon zouti ke enperyalis la itilize pou domine lòt peyi. Ayiti twouvel nan yon sitiyasyon rèstavèk ekonomik, kote se etranje ki ap lonje men ba li tout tan. Sitiyasyon sa vini pi konplike apre tranbleman tè 12 janvye 2010 ki pote ale plis pase twa san mil (300 000)⁵ moun.

Se sou direksyon pwofesè Mark Schuller, yon antwopològ ameriken ki espesyalize li nan kesyon antwopoloji ONG, ke rechèch sa yo reyalize.

Papye sa divize an 5 gran pwen, men yo:

- 1.-Nan premye pwen an pale sou komin kanperen ‘‘Yon ti kote apa’’ ; nan pale tout sou pasaj siklòn Matye ak dega li fè espesyalaman nan komin Kanperen ;
- 2.- apre nou prezante metòd ak zouti ki te itilize pou fè rechèch la. Nou pale sou vizit teren yo, obsèvasyon, ankèt ak antrevi ki te reyalize yo;
- 3.- nou kontinye kote nou prezante tout done ke nou te ranmase pandan ankèt desanm 2016 la, pandan nou tou fèt kèk konparezon ak kèk nan done ki te ranmase nan anktèt ete 2016 la

⁵ IHSI, recensement par estimation, 2019

4.- Nan katriyèm pwen an nou eseye fè yon ti refleksyon sou 3 ipotèz ken eseye devlope apre tout obsèvasyon ak enfòmasyon ke nou te jwenn. Li ta prèske sanble ak yon analiz done, sof ke nou pa konsidere tout done yo;

5.-epi pou fini nou fè kèk rekòmandasyon

Kidonk se konsa travay sa òganize.

I- KOMIN KANPEREN

Pati sa a konsène prezantasyon komin Kanperen, Istwa li epi yon ti koze sou slogan moun yo genyen lè yap pale de li ki se “yon ti kote apa”. Nap pwofite tou fè yon ti pale sou pasaj siklòn Matye ak dega li fè sou komin sa a.

1.1. Kanperen: Yon kote Ti kote apa »

“**Kanperen, yon ti kote apa**” sa se slogan komin sa ke nou ka tande, e ki te ekri pandan ane pase nan antre komìn sa ki nan departman Sid Ayiti. Yon ti kote apa, pou ki sa? Ki sa sa vle di? Avan nou eseye pote repons ak kesyon sa yo, nap prezante komin Kanperen anvan.

Kanperen twouve l nan departman Sid, epi li nan awondisman Okay. Li Twouve li ant vil Okay ak Dijiti ki nan departman Grandans. Li genyen 133.77 km² sipèfisi ak 40962⁶ moun kap viv ladanl. Li divize an 3 seksyon kominal. Li posede anpil sit touristic, natirèl ak istorik tankou Somatirin, gwòt Kounoubwa, lapriz, Kanal Davzac, atelye ekòl, Kan peren epi Larivin Disid. Li enpòtan pou nou di ke komin sa a pote non yon ofisye Franse ki te fè yon kan militè, nan epòk kolonyal, pou te ka pwoteje abitasyon l. Baz militè sa te pote non Camp-Perrin e se la non vil la soti. Memn jan tou anpil lòt katye ki andedanl pote non ansyen kolon, tankou: Lamatinière, Davezac de Castera, Moreau elatriye.

Nan tan lontan, Kanperen se yon komin ki te gen repitasyon kòm kote ki genyen anpil pye bwa ak anpil dlo.



6 IHSI, recensement par estimation, 2009.

anvanl te vini komin, li se te yon katye Okay ki te yon sit natirèl kouvri ak pye bwa, yon moniman ekolojik, yon kote lè moun bezwen kontanple mèvèyi lanati ou ka ale⁷.

Koze sa yo kolebobo ak anpil nan repons ke mou nan zòn nan bay lè nou poze yo kesyon, Pouki sa Kanperen se yon ti kote apa? Anpil nan repons yo baze sou istwa vil la, bèl kouvèti pye bwa, pwodiksyon agrikòl ak sit touristik ke-l genyen. Men gen kèk lòt ki ale pi lwen ke rezon sa yo. Yo menm, yo mete devan lapwòpte vil la, sitou Anwokan, kantite lekòl ki nan komin nan, kantite moun ki ale lekòl ak nivo edikasyon moun yo. Se vre, se yonn nan komin ki gen anpil lekòl, kote anpil moun konn li, ki genyen yonn nan pi bon lekòl nan peyi a MAZNOD epi tou ki toujou gen bonjan reyisit nan egzamen leta a.

Nan kad rechèch nou, nou obsève kèk bagay ki enteresan epi trè siyifikatif tou sou vil sa. Nou ale plizyè fwa nan komin nan, pi piti tan nou konn pase se 2 jou. Nan ete 2016 nou te pase 2 mwa, epi nan desanm 2016 pase a mwen soti fè 8 jou. Men kèk bagay enteresan ke nou te obsève: nou pa janm wè yon ti moun pyè atè oubyen toutouni nan lari a sa ki diferan nan anpil lòt zòn nou pase swa nan Grandans, nan Latibonit nan Nò oubyen nan Nòdwès e menm nan Sid la menm; nou pat janm jwenn yon moun ki te apwoche pou mandem lajan oubyen qlòt bagay ; anpil moun jenn kou granmoun ap bwase, nou wè epi pale ak anpil jèn ki ale lekòl maten fè taksi moto nan apremidi ou byen lè vakans, genyen tou ki ale chèche lòt degaje nan komès, nan travay nan restoran. Nou ka bay egzanzp Maznod kote nou te ye, se anpil jenn moun ki lekòl, genyen menm ki nan filo pandan vakans lan ki vini travay pou ka fè yon tikòb pou yo ka reponn ak kèk bezwen pèsònèl ale wè ede kè fanmiy; Nou pa wè kay ki fèt anpay, kay yo prèske antòl oubyen anbeton. Sa yo pou mwen se endikatè pou di ke nivo ekomik moun yo pa pi mal; epi tou se moun ki gen anpil fyète epi ki pa vle rete chita tann yo pote ba yo, ki kwè nan fòs travay yo sa ke nou rele otonomi. Anplis pa gen twòp ONG ki travay nan komin sa epi leta a pa twò prezan ke sa antèm aksyon. Lè nou konnen ke ONG yo renmen prezan kote lamizè ap kalewès plis, mank prezans sa a vle di anpil bagay sou nivo vi moun yo. E nou jwenn apil moun ki di ke ONG yo lè yo vini yo pa rete paske dapre yo pa gen rezon pou yo rete, moun sa yo pa nan bezwen.

Koulye, kòman sa ye apre siklòn Matye fini pase, èske sitiyaasyon an rete menm jan? ki sa ki chanje? Avan nou reponn kesyon sa yo, nap fè yon ti koze sou siklòn Matye, dega li koze ak kosekans li sou komin sa a.

⁷ <https://fr.m.wikipedia.org/wiki/Camp-Perrin>, consulté le jeudi 9 mars 2017 à 11h00

2. SIKLÒN MATYE NAN 4-5 OKTOB LA

Moun kanperen pa rele l syklòn, yo plis itilize mo « TAN an », mwen pat rive kesyone yo sou rezon ki fè ke se konsa yo rele siklòn nan, men mwen ka di nan chak rejyon nan peyi Dayiti moun yo genyen yon stil pawòl ak vokabilè ki diferan pou di kèk bagay ; menm si vokabilè yo diferan men yap pale sou menm bagay tankou: tchentchen, Mayi moulen. Sou kesyon sa tou, mwen dwe di ke anpil kote nan peyi a tankou nan Nodwès yo itilize mo TAN nan moman gen anpil lapli kap tonbe ki pa janm pase « tan bouche » epi ak anpil van, ou ka tandè yap di « gadon tan », petèt se nan sans sa a tou ke moun Kanperen itilize mo TAN an pou pale sou Siklòn Matye. Matye se yon ouragan ki nan kategori 4 ki te frape peyi Dayiti, espesyalman departman Sid Ak Grandans jou ki te 4 oktòb 2016 la a 7è nan maten. vitès van ki te ap soufle a te rive nan nivo 230km/h, sa ki te lakoz anpil lapli ki bay inondasyon, glisman teren (plis pase 600 mm nan pi piti ke yon jou) epi anpil tanpèt ki rache anpil pye bwa, do kay oubyen mete yo toutouni. Kote ki gen lanmè yo tankou vil Okay, Pòsali, ilavach, Grandans elatriye lanmè a te monte nan yon nivo ki estime a 2 pou rive 3 m.

Plis pase 800⁸ (Frans TVinf) oubyen 877⁹ (Radyo Kanada) moun mouri nan tout peyi a, gen lòt sous tankou ouestFrance ki di se plis pase 1000¹⁰ moun; selon menm sous yo, 80% abitasyon yo andomanje oubyen detwi nan departman Sid.

2.1. Dega ki fèt nan zòn nan

Nou pa jwenn okenn chif ofisyèl sou kantite dega ke TAN an fè nan komin Kanperen. Nou te kontakte lameri men yo pat genyen yon rapò detaye sou dega yo nan moman ke nou ta fè rechèch la, men tou nan kontak nou fè apre patko janmen genyen yon rapò ki te pare. Men nap tante fè yon deskripsyon sou sa nou wè apre Matye. Lè ou kite 4 chemen pou pran direksyon pou antre Kanperen, lè ou kite ayeopò Okay la apre kèk kilomèt sou tout wout la ki fèt ak alfat, ou ka konstate nanpwen jaden, ak pye bwa nan plenn nan prèske. Avan Matye lèw kite kafou pou antre Matinyè nan wout ki Mennen nan Otèl Le Recul, genyen 2 posibilite swa ou antre nan kafou sa pou pase pa Matinyè, Levi pou ka antre nan bouk Kanperen ki se dezyèm seksyon ; oubyen ou

⁸ Mobil.francetvinfo.fr/meteo/cyclone-ouragan/ouragan-matthew/ouragan-matthew-haiti-la-grande-urgence_1862263.html, consulté le jeudi 9 mars 2017 à 12h03

⁹ Ici.radio-canada.ca/nouvelle/807464/Haiti-bilan-ouragan-mathhew-aide-humanitaire-croix-rouge

¹⁰ www.ouest-france.fr/catastrophe/ouragan/ouragn-matthew-haiti-le-bilan-atteint-les-1-000-morts-4549488/amp

pase pa yon mòn kote pa anbal genyen yon letan pa anba, moun nan zòn nan relel wout nèf. Nan tou 2 ka sa yo, sitou siw pase pa wout nèf, lèw anlè li difisil pouw te konnen ke vil Kanperen tou prew, tèlman te gen anpil pye bwa ki kouvri tout sifas la menm kay ki tou pre yo ou pat ka wè. Lèw antre andedan komin nan, gen kote siw pa antre ou pa tap janmen konnen ke gen moun ki abite la tèlman pye bwa nan tout wout bare figi kay yo. Kanperen avan Matye se te tankou yon bèl negrès ki abiye ak yon wòb karabela ak yon bèl chapo pay ak cheve li ki ap trennen sou dol. Men apre Matye, se yon lòt figi, se ak anpil sezizman lè nou ap antre nou wè jan komin nan toutouni, li dezabiye pye bwa yo ki te reprezante rad li prèske pa kanpe, sak kanpe pa gen fèyi di tou, se tankou yon kote dife te pase. Tout kote kew pat janmen ka wè ou pa bezwen ni linèt, ni lonnvi pou wè yo. Vil la tankou yon fann ki dezabiye, san cheve, san pwèl. Se ak anpil dezolasyon, li menm difisil si se pa anba yon kay ki rete kanpe pouw jwenn yon pye bwa pou pare solèy. Figi vil la make dezolasyon. Sou wout pam, se kèk grenn kay ki anbeton ki kanpe men kanta kay tèt prèske pa genyen ki rete kouvri ; gen kèk lòt ki te fèt anbwa ki tonbe. Anpil moun rapòte ke yo pèdi jaden yo, yo pèdi bèt yo epi lòt byen ke yo te genyen, nou te ka konstate tou ke pa gen jaden ki kanpe prèske. Genyen anpil tristès ki te anvayim lèm antre MAZNOD, lakou sa a kite sanble yon ti paradi ak kantite pye bwa ke l te genyen ak divès kalte fwi tou, li vini pa sanble anyen prèske tout pye bwa tonbe, tèt lekòl la ale, lakou a mekonasab. Se vrèman ak anpil emosyon kem te viv eksperyans sa a. lèm avanse pi lwen tèt legliz la ale nèt, anpil lekòl dekouvri tou. Lè mwen vizite So Matirin, te prèske pa gen pye bwa sou tèt so a, depiw rive ou pa menm bezwen antre kontrèman ak avan pou ou wè sa ki ap pase anba a kote so a ye a. pou kesyon enfratrikti, ti rezo elektrik ki te genyen an andomanje depi oktòb pou rive desanm lè nou ta fè rechèch la moun yo rapòte ke yo pa janm gen kouran apre siklòn nan epi se apèn yo te ka konstate kèk teknisyen kap fè manèv pou ranmanse poto oubyen repare rezo a; kote ki te gen wout antè yo, pouw rive la se anpil jimnastik pou rive tèlman wout yo vini kraze epi genyen yon gran pati nan kanal davzak la, ki se yon kanal irigasyon ki la depi peyòd lakoloni. Men nou dwe souliyen ke ke lavi kòmanse reprann, nou ka remake gen kèk òganizasyon lokal ki ap fè kèk aktivite netwayaj ak debleyaj nan kèk lokalite tankou Piko ak Kpol. Se konsa, nou ka dekri tablo somb sa a ke Matye kite nan komin Kanperen.

3. METODOLOJI

Etid sa se yon etid manch long ki kòmanse depi avan ete 2016. Li gen ladanl yon pakèt etap tankou plizyè vizit teren, anrejistreman pwen GPS, ankèt, obsèvasyon ak yon ankèt 8 semenn nan ete 2016 la epi ki kontinye nan desanm 2016 la apre siklòn Matye. Pou reyalize etid sa a, se yon metòdoloji melanje oubyen miks ki itilize. Kidonk metòd kantitatif ak kalitatif te mete ansanm. Avan nou pale sou tout teknnik pou ranmase enfòmasyon ak zouti ki itilize pou fè etid sa, nap fè yon ti pale sou 2 faz ki enpòtan nan kad etid sa a.

3.1.1. Ete 2016

Soti mwa Jen pou rive mwa Dawout, ekip yo te deplwaye sou teren. Mwen men mwen te nan Kanperen ansanm ak yon kòlèg Etazinyen. Men li enpòtan pou nou souliyen ke plizyè vizit te fèt déjà sou teren pou fè premye kontak yo se te madi 4 out-jedi 6 out 2015; yon dezyèm fwa pou pran anrejistre GPS apre nou te fini pran fòmasyon pou sa epi tou fè obsèvasyon sou aspè fizik zòn nan, aktivite ekonomik, kiltirèl, abitud elatriye se te 16-24 out 2015 ; yon twazyèm fwa nou te ale teste zouti yo pou nou te ka gade si yo adapte, kidonk fè yon preankèt, se te nan dat 10-15 janvyè 2016 ; epi yon katyèm fwa pou nou te ka planifye kesyon lojistik yo ; se pare vizit sa nou retounen pou ale fè 8 semenn san pran souf sou teren 17 juin-8 out 2016.

Pandan 2 mwa sa yo nou te rive pase 100 kesyonè ki te gen sèlman kesyon fèmèn epi fè 5 entèvyou. Nou te rive entegre nan vi kominote a sa ki te ede nou konprann pi byen strikti sosyal la, nanti lyen sosyal yo, abitud yo epi obsève fonksyonman yo ak anpil fènòmèn sosyal. Anplis sa nou sot di yo, nou rive wè ki ONG ki sou teren, ki aktivite yo ap mennen pwiske etid nou an se sou kesyon enpak èd ONG.

Nou te sitou travay nan premye ak dezyèm seksyon komin Kanperen tankou: Matinyè, Masan, Levi, Anwo kan, Anba kan, Bananye, Bwèt, Mawo, So matirin, Maslin, Nan Jon, Piko, Kpol elatriye.

Ankèt sa a pèmèt ke nou nou gen bonjan enfòmasyon ak done sou kijan komin sa te ye avan siklòn Matye te pase wè li.

3.1.2. Desanm 2016

Se sa kem ta rele dezyèm faz la. Nou te ale, yon premye fwa, sou teren pou fè yon vizit eksplorasyon ki te dire 2 jounen nan dat kit e 29-30 oktòb 2016. Pandan vizit sa a, nou fè

obsèvasyon sou dega ke siklòn Matye te fè, sou chanjman nan anviwonman epi fè kèk antretyen ki pa estriktire ak kèk otorite tankou majistra oubyen lòt lidè enpòtan nan komin Kanperen. Se te yon vizit enteresan ki te pèmèt nou wè, tandè opinyon moun yo sou jan èd yo ye, sou jan yo te viv evenman sa, sou sa yo santi, sou ki jan yo wè demen elatriye..... vizit sa a pèmèt ke nou fè nou yon lide ki pi klè sou kijan nou ka monte zouti pou prepare ankèt apre Matye a. Se apre sa ke nou te retounen sou teren pou 5 jou nan dat ki te 18-23 desanm 2016. Travay la se te pase kesyonè, fè antrevi, fè obsèvasyon. Konsa nou te pase 25 kesyonè pandan 5 jou sa yo epi fè 2 fokis gwoup. Nou itilize yon kesyonè ki gen 50 kesyon¹¹. Nan kesyon sa yo, 31 premye yo se kesyon fèmèn; epi rès 19 kesyon yo, se te kesyon ouvè, lajman laj tankou: Dapre ou menm, ki pi gwo fòs oubyen kapasite zòn nan genyen? Oubyen An gwo, kijan ou ta ka evalye repons apre Siklòn Matyè?

Pou kesyon sa yo, nou te itilize yon aparèyi ki ka anrejistre vwa pou sa. Apre nou fini pran tout enfòmasyon sou teren, nou itilize lojisyèl excell pou anrejistre epi trete enfòmasyon sa yo.

Se konsa, Kanta sa ki gen a wè ak ansanm demach ke nou itilize ki pèmèt nou ranmanse yon latriye done nan kad ankèt sa a, nou te fè obsèvasyon dirèk, obsèvasyon patisipant, kesyonè ki gen kesyon ouvè epi fèmèn, entèvyou ak kesyon ouvè avèk kèk lidè kominotè. Pwosesis sa koumanse depi avan ete 2016, men ankèt sistematik la te koumanse ete 2016 pase a epi kontinye nan desanm 2016 la.

Nap presize rapò sa a konsène sitou rechèch ki te fèt apre matye nan desanm 2016 la. Nou itilize kèk done nan rechèch ete 2016 la pou fè kèk konparezon.

11. Anèks 1

4. **PREZANTASYON DONE YO**

Koulysa nou ap prezante kèk nan done ke nou te ranmase pandan ankèt ete 2016 la epi desanm 2016 la. Nou ap prezante done ete yo anvan nan lide pou montre kòman sitiyasyon an te ye anvan siklòn Matye epi sa desanm yo annapre yon fason ki ka pèmèt nou gade ki sa ki chanje.

4.1. **Done ete 2016 yo**

Premye tablo sa pale sou tèt ansanm andedan komin nan. Konsa nou ka wè 67 nan 100 moun yo di ‘‘Wi’’ ke moun nan zòn nan konn fè tèt ansanm; 12 moun di ‘‘Non’’ moun nan zòn nan pa konn fè tèt ansanm; 16 nan yo di ke ‘‘sa depan’’, sa ki ta vle di gen sitiyasyon yo mete tèt ansanm, men gen lòt sitiyasyon yo pa mete tèt ansanm; epi genyen 2 moun ki di ‘‘Tanzantan’’ epi 3 moun pat reponn kesyon sa a.

TABLO 1: ÈSKE MOUN NAN ZÒN SA KONN FÈ TÈT ANSANM?	
Repons	Kantite
Wi	67
Non	12
sa depan	16
Tanzantan	2
Pr/Pk	3
Total	100

Ankèt ete 2016

Lè nou mande moun yo, nan yon nivo ki pi laj, èske ayisyen konn fè tèt ansanm 66 nan yo di ‘‘wi’’ ayisyen konn fè tèt ansanm; epi 29 dike pou yo menm ayisyen pa konn fè tèt ansanm.

Tablo 2

TABLO 2: ÈSKE AYISYEN KONN FÈ TÈT ANSANM?	
Repons	Kantite
Wi	66
Non	29
Pr/Pk	5
Total	100

Ankèt ete 2016

Tablo 3 pale sou relasyon moun ak moun nan zòn nan. Konsa li montre nou ke 81 moun di ‘‘Wi’’ moun nan zòn nan yonn byen ak lòt; sèlman 4 moun di ‘‘Non’’; 10 nan yo di ‘‘sa

depan”, 2 di “tanzantan” epi 3 nan yo pat reponn kesyon oubyen di ke yo pa konnen.

TABLO 3: ÈSKE NAN ZÒN BÒ ISIT MOUN BYEN YOUN AK LÒT?	
Repons	Kantite
Wi	81
Non	4
sa depan	10
Tanzantan	2
Pr/Pk	3
Total	100

Ankèt ete 2016

Tablo 3 mete aksan sou konfyans moun yo genyen yonn nan lòt. Li pèmèt nou wè genyen 65 nan sa moun yo ki di ke yo gen konfyans nan vwazen oubyen vwazin yo; genyen 20 ki di yo pa genyen ankenn konfyans nan vwazen/vwazin yo; 11 di sa depan epi 4 nan yo pat decide reponn kesyon an.

TABLO 4: ÈSKE OU GEN KONFYANS NAN VWAZEN / VWAZIN W?	
Repons	Kantite
Wi	65
Non	20
Sa depan	11
Pr/Pk	4
Total	100

Ankèt ete 2016

Nan sa ki gen pou wè ak aktivite kolektif ki genyen nan zòn nan prèske tout moun yo di konnen genyen aktivite kolektif nan zòn nan.(tablo 3).

TABLO 5 "ÈSKE W WÈ GEN AKTIVITE KOLEKTIF NAN ZÒN SA A?"	
Repons	Kantite
Wi	93
Non	4
Pr/Pk	2

Ankèt ete 2016

Moun nan popilasyon an idantifye kèk bezwen nan mitan anpil lòt ki pi ijan ke zòn pa yo an genyen. Konsa nan tablo 6 la, nou wè nan bezwen ki pi ijan yo pou moun yo se “Travay” 19 moun site ki pi devan; apre wout ki genyen 14 moun ki sitel; epi tou sante ki genyen 6 moun; apre nou konstate kouran 3 moun site li epi dlo ak manje ki genyen yo chak yon grenn moun ki site yo. Nap konstate yon gran pati nan moun yo pa reponn kesyon sila oubyen di yo pa konnen.

TABLO 6: KI BEZWEN KI PARÈT PI IJAN NAN ZÒN NAN?	
Repons	Kantite
Manje	1
Dlo	1
Sante	6
Kouran/ekleraj	3
Wout	14
Travay	19
Inondasyon	1
ankadreman/ sipo pou jaden	3
Lòt	9
Pr/Pk	43
Total	100

Ankèt ete 2016

Plis ke twaka moun yo, swa 85 nan yo kwè ke pwoblèm sa yo ka rezoud; se sèlman 7 ki kwè ke yo pa ka rezoud. Sa se nan tablo 7 la.

TABLO 7 ÈSKE W KWÈ PWOBLEM SA YO KAPAB REZOD?	
Repons	Kantite
Wi	85
Non	7
Pr/Pk	8
Total	100

Ankèt ete 2016

Lèw mande yo si otorite lokal yo ka rezoud pwoblèm sa yo, tablo 8 la montre nou ke pi piti ke mwatye, swa 42 nan moun yo, kwè otorite lokal ka rezoud pwoblèm sa yo; tandiske plis ke mwatye, swa 52 nan yo, kwè otorite lokal yo pa ka rezoud pwoblèm say o kit e site nan tablo 6 la.

TABLO 8: ÈSKE OTORITE LOCAL, LETA AK ONG KAPAB REZOUZ PWOBLEM SA YO?			
Repons	Otorite local	Leta	ONG
Wi	42	56	65
Non	52	37	23
Pr/Pk	6	7	12
Total	100	100	100

Ankèt ete 2016

Lè nou mande yo si leta ka rezoud pwoblèm sa yo, nou wè 56, plis ke 50%, di wi leta a ka rezoud yo; se 37 ki kwè leta a pa ka rezoud pwoblèm sa yo. Pou sa ki gen pou wè ak ONG yo, se 65 nan moun yo ki kwè ONG ka rezoud pwoblèm sa yo. Kidonk, lè nou gade byen tablo 8 la, nap konstate gen plis moun ki kwè ONG plis ka rezoud pwoblèm sa yo pase ni otorite local yo epi ni leta a.

TABLO 9: ÈSKE W WÈ ONG KAP TRAVAY NAN ZÒN SA YO?	
Repons	Kantite
Wi	39
Non	57
Pr/Pk	4
Total	100

Ankèt ete 2016

Nan ti pale nou fè ak moun yo sou ONG, nou jwenn 39 moun sèlman ki di yow è ONG ki ap travay nan zòn nan; plis pase 50% di yo pa wè ONG kap travay nan zòn pa yo a. tablo 11 la pa ban nou yon pi bon lide sou sa.

TABLO 10: ÈSKE W TE RESEVWA YON SIPÒ NAN MEN ONG SA A?	
Repons	Kantite
Wi	12
Non	23
Pr/Pk	65
Total	100

Ankèt ete 2016

Nan moun ki reponn kesyon sa a, nou wè 12 nan yo di ke yo resevwa sipò nan men ONG kap travay nan zòn nan; mem yon kantite ki plis, swa 23, di yo pa resevwa ankenn sipò nan men ONG ki nan zòn yo a. tablo 10

TABLO 11: ÈSKE ONG YO POTE SOLISYON POU ZÒN NAN?	
Repons	Kantite
Wi	26
Non	56
Pr/Pk	18
Total	100

Ankèt ete 2016

Nan tablo 11 lan, Plis pase 50% nan moun yo, 56 nan yo, di ONG pa pote ankenn solisyon pou zòn nan; se 26 sèlman ki di wi ONG pote solisyon pou zòn nan.

TABLO 12: ÈSKE ONG YO DWE RETE NAN ZÒN NAN?	
Repons	Kantite
Wi	64
Non	11
Pr/Pk	25
Total	100

Ankèt ete 2016

64 moun dakò pou ONG rete nan zòn nan; yon ti kantite tou piti sèlman kwè key o mèt vire do yo ale.

TABLO 13: ÈSKE W GEN KONFYANS NAN OTORITE LOKAL YO, LETA A AK ONG?			
Repons	Otorite local	Leta	ONG
Non	69	19	50
Wi	22	75	35
Pr/Pk	9	6	15
Total	100	100	50

Ankèt ete 2016

Nan kesyon konfyans nan otorite lokal, leta ak ONG. Tablo 13 la pèmèt nou wè gen plis moun, swa 69 moun, ki gen konfyans nan otorite local yo pase ni leta, ni ONG. Nap wè tou, se leta a ki gen pi piti moun ki fèl konfyans, swa 19 moun, epi ONG yo nan mitan ak mwaye nan moun yo ki di key o fè ONG yo konfyans.

4.2. Done Desann 2016 yo

Aprè nou fini prezante rezilta rechèch ki te fèt nan ete 2016 la, kounya nap prezante rezilta rechèch desann 2016 la.

TABLO 14: LESPRI PATAJ APRE SIKLÒN NAN		
Repons	Pataje ak vwazen/vwazin ou	Vwazen/vwazin pataj ak ou
Wi	24	20
Non	1	5
Total	25	25

Ankèt desann 2016

Konsènan antrèd nan mitan moun yo nan kominote a apre syklòn nan, nou ka wè 80% kidonk 20 nan moun yo di Wi yo te jwenn moun pataje ak yo; epi 96% swa 24 di wi yo te pataje ak moun tou. Nou wè plis moun di yo pataje ak lòt moun pase moun pataje ak yo.

Tablo 15 la prezante ansanm bezwen moun nan komin Kanperen ki te patisipe nan rechèch sa a di yo genyen. Nan lis sa a nou mete aksan sou bezwen moun yo di ki priyorite yo.

TABLO 15: LIS BEZWEN KE MOUN NAN KOMINOTE A DI YO GENYEN AK KONBYEN MOUN KI SITE BEZWEN SA	
Bezwen	Konbyen fwa li site
Dlo potab	13
Manje	14
Travay	11
Kouran/ekleraj	14
Moun ki pou byen reprezante nou/bonja lidèchip	2
Lekòl pwofesyonèl/lekòl	4
Netwayaj	3
Bibliyotèk/espas pou deba entelektyèl	2
Kay/reparyasyon kay	7
Rebwazman	2
Sekirite	1
Tòl	5

Konsyans	2
Akandreman/sipò pou jaden	7
Wout	17
Lajan	1
Sante/lopital	7

Ankèt Desanm 2016

Nap presise ke pou chak bezwen nou konsidere konbyen moun sou 25 ki patisipe nan rechèch la ki site li, kidonk pa gen posibilite pou fè total. Lè nou gade byen se wout ki vini an premye ak 17 moun ki sitel; apre se kouran/elektrisite ak manje ki gen 14 moun ki site yo chak; apre sa se dlo potab sak 13 moun; travay ki genyen 11 moun epi ankadreman/sipò pou jaden, sante/lopital ak kay/reparyasyon chak gen 7 moun. Tout lòt yo sanse pi ba ke sa.

Lè nou mande moun di bezwen pi pi priyorite pou yo nan komèn Kanperen tablo anba pèmèt nou wè ke se sante/lopital ki vini an pemye ak 14 vwa; apre li se tòl ak manje ki gen 10 vwa yo chak; epi travay ak lekòl pwofesyonèl ki vini an apre ak 8 vwa yo chak. Sa ta vle di nan moman Matye a pou moun yo se bezwen sa yo ki vini pi priyorite. Lè nou konpare lis ki nan tablo 16 ak sa ki nan tablo 6 la, ki konsène ankèt ki fèt nan mwa desanm apre siklòn Matye ak done ankèt ki te fèt nan ete 2016, nou wè ke priyorite yo chanje. Nan ete se te wout ak 19 vwa, travay ak 14 vwa epi kouran/ekleraj ak 6 vwa ki te pi devan; nan desanm nan se sante/lopital; tòl ak manje ki vini 3 bezwen ki priyorite. Si nan lis bezwen yo, nou remake ke yo sanble anpil pou tou 2 rechèch yo men antèm chif li klè ke priyorite yo pa menm.

TABLO 16: PAMI TOUT BEZWEN KIYÈS KI PARÈT PRIYORITE POU OU?	
Priyorite apre Matye	Konbyen fwa li site
Dlo	2
Manje	10
Travay	8
Kouran/ekleraj	2
Moun ki pou byen reprezante nou	2
Lekòl pwofesyonèl	8
Netwayaj	2
Bibliyotèk	5
Espas	3
Sekirite	1

Tòl	10
Konsyans	2
Akandreman/sipò pou jaden	8
Wout	7
Sante	14

Ankèt Desanm 2016

Nap toujou presise ke pou chak bezwen, nou konsidere konbyen moun sou 25 ki patisipe nan rechèch la ki site li, kidonk pa gen posibilite pou fè total.

TABLO 17: ÈSKE PWOBLÈM SA YO KA REZOU?	
Repons	Kantite
Wi	23
Non	2
Total	25

Ankèt desanm 2016

Se sèlman 2 moun ki reprezante 8% ki pa kwè ke pwoblèm sa yo ki te idantifye nan tablo 15 ak 16 yo an ka rezoud, pi gran pati a, 23 moun ki reprezante 92%, kwè ke pwoblèm sa yo ka rezoud.

TABLO 18: ÈSKE OTORITE LOKAL, LETA AK ONG KAPAB REZOU PWOBLÈM SA YO?					
Repons	Oumenm ak vwazenw	Òganizasyon lokal yo	Otorite lokal	Leta	ONG
Wi	18	15	18	11	15
Non	7	10	6	12	10
Pr/Pk	-	-	1	2	-
Total	25	25	25	25	25

Ankèt desanm 2016

Se 18 (72%) moun ki reponn WI ke yo menm ak vwazen yo ka rezoud pwoblèm sa yo tandiske 7 di NON yo pap kapab; genyen 15 (60%) ki kwè òganizasyon lokal yo ka rezoud yo men 10 (40%) kwè òganizasyon lokal yo pa ka rezoud yo; 18 moun pou 72% kwè otorite lokal yo ka rezoud pwoblèm yo; pi piti ke mwatye moun swa 44% ki se 11 moun yo di wi leta a ka rezoud pwoblèm yo, yon pi gwo kantite moun, 48% ki se 12 moun di leta a pa ka rezoud epi 8% ki se 2 moun pa di way; 15 (60%) moun kwè ONG ka rezoud pwoblèm sa yo.

Moun yo toujou ajoute, lè yap reponn kesyon sa yo, ke se si yo mete tèt ansanm oubyen gen apwi otorite lokal yo epi leta a. anpil nan yo kwè ke ak tèt ansanm anpil gwo bagay ka fèt pou chanje kominote kote yap viv.

Nou toujou konsidere kantite fwa 25 moun ki patisipe nan rechèch la ki site chak grenn aksyon, kidonk pa gen posibilite pou fè total nan jan li fèt la.

TABLO 19: LIS AKSYON KE MOUN YO TE POZE APRE SIKLÒN NAN EPI KONBYEN FWA LI REPETE	
Koupe pye bwa pou debare wout oubyen lakou kay moun yo	9
Netwayaj (wout, kanal)	10
Ankèt	3
Fè kay yo tounenabri pwovizwa	8
Pataje (Manje, rad)	5
Fè visit solidarite	4
Sove moun ki andanje	6

Ankèt desanm 2016

Li enpòtan pou nou apresye jan ke moun yo nan lokalite a pat rete bèkèkè nan sitiyaasyon difisil yo tap vive pi vwazen yo tap viv nan moman siklòn Matye a. yo poze anpil aksyon (tablo 19) ki se jès solidarite enpòtan tankou: resevwa moun ke kay yo kraz lakay pa yo, pataje manje, rad, soulye ak lòt yo, pote sekou bay sila yo ki andanje oubyen ki andikape/granmoun se jès ki fò epi ki montre ki solidarite ki egziste nan kominote a. Mwen ap soje yon jès ki senp ke yon zanmi di mwen, yon gwoup jenn moun mele ak granmoun deside bouyi te pou sezisman¹² epi mache distribye bay tout moun nan zòn pa yo ki fè sezisman; sa parèt yon jès senp men li trè siyifikatif, moun yo itilize savwa tradisyonèl yo pou ede lòt yo tou nan moman difisil; apre sa yo reyalize vizit solidrite, sa se yon eleman tou nèf, nan sitiyaasyon sa yo. Kidonk kominote yo trè dinamik nan moman kriz yo, sa eksplike tou, na wè sa piba, pouki sa yo pa renmen lè yo chita yap pote ba yo tankou se yon bann timoun san volonte ni kapasite.

TABLO 20: AKSYON ASOSYASYON LOKAL YO TE POZE AK KI ASOSYASYON KI FÈ KI AKSYON	
Oganizasyon	Aksyon li te poze
G30	- Bay tòl - Netwayaj - Kasavri
Kèk Gwoupman jenn kit e kreye pou okazyon	- koupe pye bwa - Sove moun ki te nan difikilte pandan siklòn nan - Fè demach pou jwenn èd
Komite kwa wouj lokal	- Bay dlo potab
Eskout yo	- Sove moun ke dlo te antre lakay yo

¹² Li konsidere tankou yon malady an Ayiti, se lè yon moun aprann yon move nouvel oubyen viv yon sitiyaasyon ki ka tromatize epi sa fè moun nan pèdi bon sans pandan yon ti tan epi li fèl pa santil byen nan kòl tou

OTEB	<ul style="list-style-type: none"> - Netwayaj - Bay tòl - Bay semans
Pwojè Sentàn	<ul style="list-style-type: none"> - Tòl, - Bwa lot bagay pou konstriksyon - patisipe nan reparasyon lekòl

Ankèt desanm 2016

Òganizasyon lokal yo te aji nan sans pa yo epi jan kapasite yo pèmèt yo. Yo patisipe nan fè netwayaj, nan deplase moun oubyen chèche lòt kay pou mete sa yo kay yo te kraze. Genyen tou ki te jwenn posibilite pou bay tòl, semans, bwa epi patisipe nan rekonstwi kèk lekòl. Tablo 20 pèmèt nou wè ki aksyon ki te poze epi ki òganizasyon lokal ki te poze yo tou. Nou ta kontinye pou di, li posib ke akòz asosasyon yo pa gen twò gwo mwayen yo epi ase kapasite pou reyalize gwo aktivite sa rann sa yo fè tèlman piti ke moun lòt moun yo pa bay aksyon sa yo twòp enpòtans oubyen yo pa menm okouran. Kesyon ranfòse kapasite òganizasyon lokal yo, se yon kesyon enpòtan ki ka pèmèt yo genyen plis kapasite ak mwayen pou aji; sa ka pèmèt tou ke nan moman kriz oubyen katastwòf natirèl yo genyen plis posibilite pou pote repons pi rapid, pi efikas epi plis kote nan lokalite pa yo.

TABLO 21: AKSYON OTORITE LOKAL YO TE POZE AK KI OTORITE KI FÈ KI AKSYON	
Ki otorite	Ki aksyon
Lameri	<ul style="list-style-type: none"> - Yo pase yo pale - Fè ankèt - Fè kèk distribisyon - Bay dlo - Fè netwayaj
Senatè	<ul style="list-style-type: none"> - traktè pou fè netwayaj kanal ak lari a - bay manje
Kandida yo	<ul style="list-style-type: none"> - Pote manje - Fè netwayaj - Bay kit sante ak tòl - Bay mwayen pou fè netwayaj

Ankèt desanm 2016

Sou kesyon sa plis ke mwatye nan, 14 moun sou 25 di swa yo pa wè anyen otorite lokal yo fè, swa se brote yo brote èd sèlman pou mete lakay yo, swa genyen ki kesyone èske kesyon otorite a genyenl nan Kanperen, swa otorite yo te trè pasif yo ta rete tann men jan ak popilasyon an. Men genyen ki rive site kèk aksyon otorite yo te poze tankou: pase pale ak moun yo, fè ankèt, fè kèk

distribisyon dlo, manje, tòn epi fè netwayaj. Men li enpòtan pou di aksyon sa yo pat fèt nan tèt ansanm, se te yon pakèt entèvansyon grenn senk. Tablo 20

TABLO 22: AKSYON LETA TE POZE DAPRE POPILASYON AN	
Aksyon	Kantite fwa li site
Vizit evalyasyon	1
Bay tòn	2
Dlo	2
Manje	2

Kesyon moun yo sou ki aksyon ke yo wè oubyen konnen leta a te poze apre siklòn Matye nou jwenn: 1 Sèl moun ki di ke leta a te fè vizit pou evalye nivo dega yo; 2 moun di di leta te bay tòn, dlo ak manje epi tout rès moun yo moun di: swa yo pa wè anyen leta a fè, swa leta pa poze ankenn aksyon, swa yo pa reponn kesyon an ditou. Tablo 21.

Li enpòtan poun konsidere aksyon popilasyon an di ONG yo te poze apre Matye a. se sa tablo 22 ak 23 a prezante, ki aksyon ONG yo te poze epi kiyès ki te fè kisa.

Nap presize ke repons sa yo se pa se pa yon reprezantan yonn nan yo nou pale men se eksperyans popilasyon an nou konsidere.

TABLO 23: AKSYON ONG YO KI TE SOU TEREN AVAN MATYE YO TE POZE AK KI ONG KI FÈ KI AKSYON	
ONG	Aksyon
Save the children	<ul style="list-style-type: none"> - Manje epi kit sanitè - Bay pwela - Travay - Fè ankèt - Fè distribisyon - Bay kit alimantè - Bay akwatab, sewòm oral - Ede lekòl yo pou rekouvri <ul style="list-style-type: none"> - bay kay - Ede timoun - Bay bokit - pwodwi kosmetik
PROTOS	<ul style="list-style-type: none"> - Manje - kit sanitè - Pwela - Travay

Haiti futrure	<ul style="list-style-type: none"> - Bay kit alimantè - Ede lekòl yo pou rekouvri, - Bay kay
----------------------	---

Ankèt desanm 2016

Se 11 moun swa 44% ki bay repons sa yo. 14 swa 56% pa reponn kesyon sa a, di yo pa konnen oubyen yo pa wè sa ONG yo fè. Popilasyon an site non 3 ONG ke yo te wè, sonje oubyen konnen ki te fè entèvansyon epi nan ki sektè yo te travay. 3 ONG say o se Protos, Save the children epi Haiti Futrure. Tablo 22 a pèmèt nou wè pi byen sa ki konsène ONG ki te gentan la nan kominote a depi avan Matye.

TABLO 24: AKSYON ONG KI VINI PAPRE MATYE YO TE POZE AK KI ONG KI FÈ KI AKSYON	
ONG	Aksyon
-	Manje, kit lasante
CECI	<ul style="list-style-type: none"> - Bay manje - Bay Kòb - Repare kay
-	<ul style="list-style-type: none"> - Pase make kay - Pran non moun
-	<ul style="list-style-type: none"> - Bay èd diri - Tòl - Bay kat pou manje
OXFAM	<ul style="list-style-type: none"> - Bay manje - Bay Kòb - Kit ijyèn
Unicef	<ul style="list-style-type: none"> - Bay manje - Bay Kòb
Kwa wouj Doniniken ak espanyol	<ul style="list-style-type: none"> - Bay manje - Bay bagay pou dezenfekte - Mete blader dlo ak apareyi pou trete dlo ki nan rivyè - bay kit ijyèn
Samaritan's spurse	<ul style="list-style-type: none"> - bay diri ak lwil
CSI	-

Ankèt desanm 2016

Genyen 13 moun sou 25, ki reprezante 52% ki di gen ONG ki swa pase pran non, make kay pou yo vini repare, fè pwomès epi pa janm wè yo ankò, swa ki di yo pako wè sa yo fè, swa ki pa

repon ditou. Genyen kote pa genyen non paske moun yo sonje sa ki te fèt la men yo pa sonje non ONG ki te fè yo. Men nou wè gen plizyè nouvo aktè popilasyon di ki te vini apre Matye.

Repons	Popilasyon an	Òganizasyon lokal	Otorite lokal	Leta	ONG
Wi	24	14	5	3	7
Non	-	5	15	13	13
Pr/Pk	1	6	5	9	5
Total	25	25	25	25	25

Ankèt desanm 2016

96% nan ankete yo ki se 24 nan yo estime ke aksyon ke yo menm yo te poze yo te efikas, sa vle di itil; 14 moun kwè aksyon òganizasyon lokal yo te poze yo te efikas; pi piti pase mwatye, swa 5 moun, kwè aksyon otorite lokal te efikas epi pi plis pase mwatye kwè aksyon otorite lokal yo pat efikas; se sèlman 12% ki se 3 moun ki di aksyon leta a te efikas, plis ke mwatye 52% ki se 13 di ke aksyon yo pat efikas oubyen pat egziste ditou; epi 7 moun sèlman kwè aksyon ONG yo te poze yo te efikas, 13 nan yo kwè kontrè a, kidonk yo pat efikas.

Repons	Kantite
WI	3
Non	20
Pr/Pk	2
Total	25

Ankèt desanm 2016

80% swa 20, nan moun ke nou te kesyone yo di yo pat resevwa oubyen yo pako resewa ankenn, ankenn èd nan men ankenn ONG: ni nan men sa yo ki te la anvan Matye, ni nan men sa yo ki vini apre Matye. Se sèlman 12% ki reprezante 3 moun ki di ke yo te benefisye yon kichòy (tablo 25). Si nou konsidere chif sa yo, nou ka baze sou yo pou nou di ke majorite moun yo pa benefisye èd ki vini nan komin nan.

Repons	ONG anvan Matye	ONG apre Matye
Wi	1	0

Non	21	23
Pk/Pr	3	2
Total	25	25

Ankèt desanm 2016

Anplis 84% di ke tout moun nan zòn nan pa jwenn nan men ONG ki te la avan Matye yo, Pi plis ke ONG ki te al anvan Matye a, pa gen ankenn nan moun ke nou te pale ak yo ki di ke tout moun nan zòn nan te resevwa èd nan men ONG ki vini, se 92% ki reprezante 23 moun prèske tout di non epi rès yo pa reponn.

Mwayèn pwen popilasyon an bay enstans ki tap pote repons apre Matye a

TABLO 28: MWAYÈN PWEN KE POPILASYON AN BAY ENSTANS KI TAP JERE REpons APRE MATYE YO NAN KANPEREN			
Enstans	ONG	Leta	Otorite lokal yo
Mwayèn pwen sou 10	3.58	2.02	2.46

Ankèt desanm 2016

Nan ankèt la nou te mande moun yo pou bay chak enstans sa yo yon nòt ki varye ant 0-10 selon jan yo jije kalte travay yo te fè. Chak moun te bay yon nòt pou chak enstans yo jan sa te mande. Nou menm nou pran, pou chak enstans, nòt yo epi fè yon kalkil sou lojisyèl Excell pou nou jwenn mwayèn nòt yo chak fè. Se konsa, nou ka konstate ke se leta a ki fè pi piti mwayèn ki vle di tou se li ki te jwenn pi move nòt epi apre se otorite lokal yo.

5. KONSIDERASYON AK PRENSIPAL KONSTATASYON

Nan pati sa nou mete aksan sou konsta ke nou fè nan kad etid la ki pi frape nou. Anvan nap fè kèk konsiderasyon sou kèk tablo ki konène rechèch desanm 2016 la. Epi apre, nap mete sou twa gwo konsta nan mitan anpil lòt, ki enterese nou ki konsène plisyè aspè nan done ke nou te ranmase yo, epi ke nou ap kore ak pawòl moun yo te di nan pati anrejistre nan ankèt la.

5.1. Konsiderasyon sou kèk tablo

Tablo 16 la a prezante bezwen moun yo di ki priyotite pou yo apre siklòn Matye. Nap konstate ke priyorite yo chanje. Nan ete a, bezwen ki te priyorite yo se: Travay an premye, wout an dezyèm epi sante nan twazyèm plas. Nou ka di tandans lan ranvèse apre Matye kote se pito: sante vini pito an premye, tòl ak manje vini an dezyèm epi travay, lekòl pwofesyonèl ak ankadreman pou jaden okipe trwazyèm plas la. Li klè ke priyorite yo chanje. Lè nou konnen ke nan peryòd katastwòf natirèl tankou siklòn anpil enfrastrikti konn andomaje epi sitiyasyon sante moun yo vini pi konplike, tout jaden moun yo pèdi, bèt yo ak lòt byen kidonk moun yo dekpitalize, se nòminal pou priyorite yo chanje, e se ki rive Kanperen apre Matye. Nap konstate tou ke genyen yon seri bezwen tou nèf tankou Kay, tòl, Netwayaj ki pat la nan ete men nan desanm apre Matye ki vini parèt, se yon seri bezwen konkrè epi ponktyèl ki gen relasyon dirèk ak konsekans TAN an. Nou ka wè bezwen primè yo nan yon kontèks katastwòf vini pi enpòtan pase yon seri lòt bezwen ki antre nan yon pèspektif ki ka dire pi lontan. Kidonk kontèks sosyal, ekonomik yo chanje, priyorite yo chanje tou.

Pou sa ki konsène kesyon pataj la (tablo 14), malgre Matye paske se te menm bagay la tou ke nou te jwenn nan ete 2016 la 93 sou 100 moun te di ke yo konn pataje epi 92 te konfime ke lòt moun konn pataje ak yo tou, kesyon pataj nan kontèks Matye a pa chanje, 24 moun sou 25 ki se reprezante 96% di yo pataje ak lòt se yon chif ki pi plis ke anvan Matye, yo epi 20 sou 25 di lòt moun yo te pataje ak li. Menm jan anpil nan ankete yo te di moun nan kominote a konn fè tèt ansan epi ayisyen konn fè tèt ansanm tou (ref. tablo 1, 2). Nou wè nan moman difisil moun yo te konnen pandan Matye solidarite a te toujou la, e li te menm ranfòse nan moman katastwòf sa. Nan yon kominote kote yonn ka konte sou lòt, sa se yon resous enpòtan ki ka jwe yon gwo wol nan ki jan yo ka afronte yon seri defi, epi rezoud ansanm tou kèk pwoblèm. Lè lyen yo sere anpil nan kominote yo, sa ta sipoze ranfòse rezilyans lan epi rann moun yo santi yo plis an sekirite, plis ensere nan soyete a. Nan ka syklòn matye nou panse ke antrèd ke moun yo devlope nan pataje yonn ak lòt ta sanble, te yon gwo fòs ki eskplike ke moun nan Kanperen ta rive fè fas pi byen ak tan an epi tou pèmèt yo repati pi rapid, reprann fòs yo tou pi vit. Sa se yon bon bagay lè nan moman kriz moun yo nan kominote yo vini pi pwòch, sa se yon resous enpòtan.

Pou sa ki gade aktè imanite yo, nou panse ke jan aktè yo ap entèveni nan moman kriz yo, katastwòf natirèl yo e menm plis ke sa mande revise, menm jan anpil moun panse tankou Mark

Schuller¹³ (), Michel Julien¹⁴ ke kesyon imanité a dwe revise strateji, men li klè ke fason yap fèl la pa bay rezilta vre. Rechèch sa se yonn anplis vini kore sak te di deja. Repons moun yo sou efikasite aksyon aktè imanité yo, sou èske yo jwenn oubyen pa jwenn se kèk prèv pou montre ke èd la pa mache oubyen pa ateri.

Done sa yo ede nou fè yo ti reflechi sou jan ONG yo ap aji sou teren. Li difisil pouw konprann, ke ONG yo vini pou ede moun yo, poutan anpil nan yo di ke yo pa jwenn oubyen ke yo pa wè yo. Sa parèt dwòl epi difisil pou konprann tou. Kote èd yo pase? Bay kiyès yo ale si moun ki konsène yo pa jwenn li? Ki jan distribisyon yo fèt? Anpil lòt kesyon ki te ka poze. Nou pa pran pawòl moun yo pou levanjil menm si tou antanke chèchè nou pa la pou jije yo tou, men se 14 moun sou 25 ki di sa yo chak soti nan yon zòn diferan.

Chif sa twadwi ke manke enfòmasyon ki sikile sou travay chak aktè ap fè sou teren sitou ONG yo oubyen tou ajan yo voye sou teren yo pa twò byen fòme oubyen pa ase pwofesyonèl. Pou kisa, li ka vre ke se resansman ki vini fèt se pa distribisyon, aske lè se resansman se enfòmasyon ke yo vini pran sa ki pa vle di ke gen distribisyon ki ap vini fèt. Nan ka sa si pa gen bonjan eksplikasyon sou sa se nòmal moun yo ka entèpretel konsa, kidonk depi yo konte kay mwen sa vle di pral gen distribisyon. Konsa tou, nan lòt ka a, moun yo ka tèlman na atant oubyen tèlman konnene depi se ONG se èd, yo pa vle bay enfòmasyon konsa ajn an ki gen dwa manke agiman oubyen gen movèz fwa ka di yon bagay ki pa vre pou fòse moun yo pale. Ni yonn ni lòt se yon pwoblèm ki mande reflechi, paske depi yonn nan ka sa yo rive li ap kreye fristrasyon lakay mou yo e sa ap vini rann yo rezistan ak nenpòt moun ki ale sou teren. Mwen menm nan kad travay sa a mwen jwenn sa. (ref tablo, 24, 25, 26).

Anpil nan moun ki twouve ke aksyon ONG yo pa efikas bay rezon sa yo pami yon bann lòt:

- Èd la mal distribye
- Yo pa pote sa popilasyon an bezwen tout bon vre ki donk yo pat chèche konnen vrè nesosite popilasyon an
- Sa yo te pote yo pat sifi, siw pa ka kriye pa fè lè

¹⁴ Michel Julien, Impacts des interventions des ONG en Haïti: nécessité d'un nouveau cadre de partenariat, Haiti perspectives, volume 1. N02. Eté 2012.

- Se pa moun ki nan bezwen yo ki jwenn tout bon: sa vle di ke moun ki vilnerab vre yo, epi moun ke siklòn nan te frape tout bon epi ki pèdi anpil bagay se pa yo ki benefifye èd la tout bon. Se kòm si distribisyon èd la fèt nan enjistis.

Gen lòt moun ki kwè pito:

- Pat gen ase
- Distribisyon mal fè
- Distribisyon fèt pa moun pa
- Otorite brote èd yo ale sere oubyen bay ti zanmi
- Pat gen anpil ONG sou teren;

Kominote a pat rete inaktif, yo te aji nan fason pa yo. Lè yon kominote gen kapasite pou itilize resous entèn pou afronte yon sitiyasyon se yon gwo bagay. Lè moun yo ap pale sou aksyon yo te poze, ou wè epi ou santi lè moun yo genyen yon fyèt kap degaje. Mwen twouve sa pozitif anpil. Mwen sonje yon ankete ki tap pale sou kijan li te sove yon moun andikape se kòm si se te yon “ero”.

Santiman satisfaksyon sa, epi santiman ke yo fè yon bagay ki itil pou lòt moun se yon aspè enpòtan nan jan ke moun yo rive jere sitiyasyon tromatis ke siklòn nan te ka okazyone lakay li. Sa reprezante yon sous enèji ki ka ede yo remonte pant lan epi afronte pi byen tout difikilte yo. Kidonk sa ranfòse rezilyans lakay yo.

Pou moun ki kwè otorite lokal ka rezoud pwoblèm sa yo, yo di se vle yo pa vle kidonk yo pa gen volonte. Se pa premye fwa nou tande pawòl sa a, men li mande pou nou fè yon ti refleksyon. Nou ka di yon kote ka manke volonte nan sans lè otorite yo genyen yon mwayen nan men yo ki jan yo itilize, ki sa yo tante poze kòm aksyon tou ak ti kal sa yo genyen nan men yo. Paske ou gen dwa pa gen anpil men eseye poze aksyon konsa moun yo ka wè ke siw te genyen ou tap fè men se paskew pa gen ase ki fè kew pa fè anyen; Moun yo kontinye pou di, Se yon pakèt moun ki wè pòch yo sèlman, si yo te wè enterè kolektif gen anpil bagay yo te ka fè. Men moun ki pa kwè di ke se yon bann moun enkapab kap dirije, ki pa wè pi lwen ke pwent nen yo epi tou menm si gen nan yo ki ta gen bon volonte yo pa gen mwayen ase pou rezoud yo pou kont yo. Sa se alafwa yon konsta paske anpil moun rapòte yon pakèt ka kote otorite yo pandan Matye pran èd yo mete lakay yo, oubyen separe ak zanmi, fanmiy; apati sa nan imajine moun yo sa valab pou tout otorite yo. Sa ta vle di pwoblèm kòripsyon an pa sèlman nan tèt leta men li ta sanble nan

tout kòl men se pa tout ki konsa. Pou fini nap di ke se vre tou otorite lokal yo pa ka rezoud pwoblèm yo pou kont yo.

5.2. Prensipal konstataasyon

Si nan pati anvan an nou te fè yon ti rale dirèkteman sou kèk tablo, nan pati sa nou ap mete aksan sou 3 pwen kif rape nou oubyen atire antansyon nou pi plis nan kad rechèch sa.

5.2.1. Èd ki vini kòmanse devlope yon konpòtman depandans / atantis nan mitan popilasyon an

Pa gen twòp ONG ki travay nan komìn sa epi leta a pa twò prezan ke sa antèm aksyon. Sou kesyon sa, nan ankèt ki te Mennen nan ete 2016 nou jwenn chif sa yo gen 45% nan popilasyon ki kwè ke otorite lokal yo ka rezoud pwoblèm komìn nan, 60% kwè ke leta a ka rezoud yo epi 74% kwè ONG ka rezoud. Lèw pran chif sa yo pou kont yo, li ta parèt ke moun yo pa pi otonòm ke sa, men lèw mande yo èske moun nan zòn nan ka rezoud yo se 92% ki di wi. Sa ta vle di moun yo gen volonte pou kontribye nan devlopman kominote yo, yo ka manke mwayen. Se poutèt sa ke yo santi yo fristre lè se resevwa yap resevwa sèlman san ke yo menm yo pa enkli nan aksyon yo. Se pa tout kote nan peyi ke moun yo vle byen sans swe, mwen kwè ke komin sa a se yon ekzanp nan mitan yon bann lòt ki vle rete granmoun. Fòn souliyen ke se pa bezwen yo pa bezwen sipò lòt moun oubyen etranje men yo pa vle rete pasif, Moun yo kwè nan tèt ansanm, nan fòs pa yo ak travay. Men, apre siklòn matye ki ravaje komìn nan, otonomi sa sanble vle disparèt. Pou menm kesyon sa yo nan ankèt desanm 2016 la, nou jwenn ke se: 72% moun kwè ke yo men ak vwazen si yo mete tèt ansanm yo ka rezoud pwoblèm sa yo ; 72% pi plis ke nan ete a kwè ke otorite lokal yo ka rezoud yo ; 44% kwè ke leta a ka rezoud, pi piti moun ke nan ete, sa ki ta vle di konfyans nan leta a diminye ; epi 60% kwè ONG ka rezoud yo, yon chif ki diminye ankò lè nou konparel ak sa nou te jwenn nan ankèt ete 2016 la, sa ki ta vle di tou konfyans nan ONG diminye. Konnya, ki sa ki ta kesplike diminyson konfyans nan leta ak nan ONG yo, epi tou ogmantasyon konfyans nan otorite lokal yo? sa ta mande yon fouye pi fon. Chanjman kap fèt nan tisi sosyal la ka yon eleman eksplikasyon nan varyasyon sa yo. Nan moman katastwòf, li posib pou moun yo eseye balanse kèk ide ke yo te genyen avan paske kontèks yo pa menm. Sikolojikman katastwòf ka kreye tromatis e sa ka fè reveye yon pakèt lòt lide ki tap dòmi. Otomatikman sa rive, moun nan ap chanje, pèsèpsyonl li sou kèk bagay chanje tou epi plis lap chanje se plis relasyonl ak tèt li, anviwonman li ak enstitiyon ap chanje tou.

Anpil moun ke nou kesyone fè konnen

« moun yo vini pa vle chèche travay pou yo fè, yo pito kite aktivite yo pou yo ap veye kote distribisyon ap fèt »

nou konstate depi yon moun ki pa moun zòn nan parèt ou ta gen yon valiz oubyen yon katab nan menw gen anpil moun ki pase mande:

« èske se non nou ap pran »

Oubyen:

« pa bliye mete non mwen¹⁵ ».

si nou dwe rekonèt pandan epi dirèkteman apre Tan an, poum reprann jan moun yo rele siklòn nan nan zòn sa a, nou ka di te gen anpil aksyon pou sove moun epi debare wout men kè semèn apre bagay yo chanje. Lèw mande moun yo ki aksyon asosyasyon lokal poze yo prèske tout reponn konsa:

« ankenn aksyon, rete tann sa yap pote pou yo ka ale distribye ».

vwala, apre tan an eleman sa yo montre ke genyen yon sòt mitasyon soyal ki kòmnanse ap fèt kote moun yo kòmnanse ap devlope depandans a èd imanité yo opwen ke gen yon moun ki di ke Kanperen pa yon ti kote apa ankò men se yon ti kote K².

mwen pa ka di si pawòl sa se yon diferans apre siklòn nan, men mwen kwè ke imaj moun yo te genyen sou komin yo a kòmnanse chanje ak anpli chanjman ki fèt nan plizyè nivo sitou nan nivo anvionman. Diminisyon sa avini pi plis apre siklòn Matye, ou ka li sou vizaj moun yo dezespwa, wont, mank estim ak nostalji lè yap pale sou jan komin nan ye koulyak ak jan li te ye avan. Men tou fyèt a diminye, kesyon politik nan komin nan, anpil ensatisfaksyon sou dirijan ke yo genyen yo, epi siklòn Matye kontribye nan diminye fyèt sa. Ki donk, Slogan yon ti kote apa vini pa twò kole bobo ak jan bagay yo ap dewoule depi avan Matye e li vini ranfòse pi plis apre Matye.

5.2..2. Popilasyon pa satisfè sou jan ajans yo jere distribisyon

¹⁵ Sa fè referans ak pratik ki genyen pou pran non moun pou mete sou lis pou yo ka benefisye yon èd.

Se vre sa fè kèk tan ke kesyon èd ki rele imanité a, fè leve anpil plim sou do nan jan yo trete moun yo, nan jan yo pote ak kisa yo pote. An Ayiti espesyalman moun yo toujou ap di ke nan tout bagay fòk ou gen parenn, sa vle di fòk ou genyen moun pa. Nan komin Kanperen apre TAN AN, genyen anpil bouch mare, anpil tèt anflsou jan èd la òganize ak nan jan yo distribye li. Nou par eseye bay kèk chif ka ed nou konprann ensatisfaksyon moun yo. Lè ou mande moun yo, ki kantite pwen ou tap bay swa Otorite lokal yo, swa leta a epi ONG yo sou jan yo te jere èd ki te pote pare Matye a, men mwayèn nòt key o chak te fè: ONG yo fè 3.58/10 pi piti ke 5/10; otorite lokal yo fè pi piti npwen ke ONG yo, 2.46/10; epi leta a pi mal nèt li fè 2.02/10. Nou ka konstate ke yonn nan yo pa menm pase tou pre mayèn nan sou 10, epi tou ONG yo fè pi plis pwen pase ni otorite lokal yo, ni leta. Kidonk nan tout mal sa yo, se ONG yo ki mwens mal e se leta ki pi mal nan klas la. Li klè ke chif sa yo vle di moun yo pa satisfè ditou sou jan repons ki te bay apre Matye a te ye, kidonk yo pa satisfè ni sou entèvansyon leta a, ni otorite lokal yo epi ni ONG yo. Ti diferans ki genyen nan chif yo, genyen ki pi mal ke lòt, e nou wè ke se ONG yo ki mwens mal. Sa ta vle di ke popilasyon ta sanble yon ti kal pi satisfè sou travay ONG yo ke lòt yo. Chif sa yo kolebobo ak kèk pawòl mou yo di swa sou leta a, sou otorite y oak sou ONG yo ki ranfòse konfyans kip a genyen ni nan yonn ni nan lòt. Nan pwen 5.2 nan rapò a, nap jwenn plis detay sou kesyons ensatisfaksyon sa a.

Pawòl moun ka ede nou plis konpran sa chif sa yo vle di. Lè nou mande moun yo ki jan nou evalye repons ki te pote apre matye a men kèk repons nou jwenn:

« mwen ka kel te bon yo kote paske gen moun ki pat geney ki te jwenn. Yon lot kote li pa bon paske se moun ki pa nan bezwen ki jwenn li. Gen moun ki jwenn jis yo fe biznis, yo vann li »

«mwen evalye li a zewo, ta sipoze gen ankadreman¹⁶. Le yo di yap vini ede moun yo ou toujou we se nan patipri. Siw ap fe ou sipoze fè pou tout moun sanw pa gade sou figi.. »

« pa gen repons paske ni leta, ni ONG, ni otorite lokal nou pa janm we yo pote anyen atò menm wè nou pa wè yo »

Repons sa yo bay yon ide klè sou jan moun yo konprann èd ki pote yo epi tou sou nivo satisfaksyon yo. Se vre gen kèk nan yo ki pa anpil menm ki kwè kontrè a tankou moun sa a ki di:

¹⁶ Sa vle di mete mwayen disponib pou yo ka pwodwi pou kont yo, evolye pou kont yo

« mwen ka di kel te bon yo kote paske gen moun ki pat geney ki te jwenn. Yon lot kote li pa bon paske se moun ki pa nan bezwen ki jwenn li. Gen moun ki jwenn jis yo fe biznis, yo vann li »

Moun yo bay anpil ka ke yo di yo wè ki fè yo di sa. Yo wè yon seri moun ki pa gen anyen depi anvan siklòn nan e ki vini pi vilnerab apre li poutan èd la pa rive sou yo tandis ke gen mou ki gen mwayen pou yo viv e kip a twò touche pa siklòn nan epi se yo ki jwenn èd la. Yo pap pale sèlman de tèt yo men tou de sa ke yo wè nan anviwonman dirèk yo.

Moun yo sitou di ke se sou figi ak sou moun pa ke distribisyon yo fèt, tankou moun sa a pami tout sila ki ale nan menm sans ak li, ki di:

« menm si yo te pote ed nou pa jwenn li. Ti peyizan ki ret nan mon nan pa jwenn, menm nou menm nan mitan vil la nou pa jwenn. Le siklon nan tap vini li pa voye kat ba ou men koulya pouw jwenn yon bagay se marenn ak parenn. Anplis se kou baton ap lewew frape ate, li pa bon »

Ni leta a, ni otorite lokal yo antre nan panyen sa, dayè mou yo kwè ke se yo ki chèf dezòd la ak kèk mou ki responsab pou fè distribisyon pou ONG yo. Deklarasyon yo trè siyifikatif nan sans sa, men kèk deklarasyon sou otorite lokal yo, si nou sonje li te fè 2.46/10:

« yo plis goumen, yo pa regle anyen »

« se prèske zero, jouk koulya nou pako we yon ki pase manden sa nou pote ».

pou sa ki gen pou wè ak leta a men kèk deklarasyon:

« leta a pa fe anyen ditou, anyen, anyen »

« se menm bagay la pou leta a. pa vrèman gen otorite leta ki pran anyen anchaj, ou plis ta we se Grandans ki ta plis benefisyè. Nan zòn bo isit nou ta mou ki ere, pa gen zye leta a vreman ki fiske sou nou »

Pou ONG yo ki te fè 3.58/10:

« ONG li menm li pa skilie nan tout kwen, paske pa gen ajan. Le yon komèn kraze se mete ajan nan tout kwen, nan tout tèt mòn pou wè kòman popilasyon ap viv, kijan peyizan an ap fonksyone. Paske peyizan se anba pye bwa, anba ti tach men le lapli tonbe. nou pa menm we ONG, entèvansyon yo pa efikas».

Vwala yon ansanm deklarasyon ki tradwi fristasyon ak ensatisfaksyon moun yo.

Moun yo ajoute ke se sou figi yo gade pou seleksyone moun pou bay èd la. Lè ajan ONG yo pase, yo gadew selon jan yo wèw yo deside èske ou merite èd oubyen siw pa merite. Yon viktim di pawòl sa yo:

«le yo vini yo pa bay anyen paske yo jis gade epi yo di moun sa yo pa nan bezwen e m panse yo fèl konsa anpil kote. Se yon bagay ki pa bon».

Kidonk pouw jwenn èd fòk ou gen figi viktim, fòk lè yo wè moun nan figil li make lamizè, fòl at gen figil fennen, abiye an ranyon pou yo deside ba ou donk pi plis moun nan sanble yon moun ki nan bezwen, figil fennen epi make “j’ai besoin” se plis li gen posibilite pou jwen èd oubyen ranpli kondisyon pou jwenn èd. Sa se yon bagay ki grav, se kòm si yo ta di moun yo pa fè efò pou ede tèt ou, rele sou kòw rete tan pito yo lonje men ba ou. Se kòm si endirèkteman yap ankouraje konpòtman parazit, restavèk lakay moun yo.

Pou fini, pou reprann pawòl mou yo èd la pa sikile tout kote.

Gen anpil kote ke moun yo pako resevwa anyen ditou. Se sèlman yo pase pran non, fè pwomès epi yo pa janmm wè ankenm moun tounen di yo anyen. anpil e prèske tout souliye ke:

«yo ta pase wè nou ¹⁷omwen, konsa nou ta santi nou egziste»

«si yo te menm pase wè nou menm si yo pa pote anyen, nou ta di Bondye mèsi».

Sa ede nou konpran ke prezans fizik moun kap ede yo pou fè yon ti pale ak moun yo ka fè moun yo santi ke yo egziste, fè yo santi yo moun, yo pa jete “dans les oubliettes¹⁸”, pou mwen repran yon tèm fransè ki konn itilize nan ankèt jidisyè nan kèk peyi etranje lè yo deside volontèman mete yon dosye akote, sa ap ba yo posibilite pou ekspri sa yo santi ak sa yo vle. Kidonk, prezans fizik aktè pou etabli kontak ak popilasyon an epi pale ak yo dirèkteman se yon aspè enpòtan nan entèvasyon imanità menm nan sitiwayon ijans. E nou ka menm di, sa ka vini pi enpòtan pou moun yo ke sa ou pote yo. Paske lèw bay moun nan men li santil pa moun nan janw trete, saw pote a vini pa twò enpòtan paske moun yo vana tout bagay bezwen kew fè yo santi ke yo egziste epi yo gen enpòtans.

¹⁷ Nan sans pase gade ki jan yo ye, pase bò kote yo

¹⁸ Se tankou jete nan poubèl, yon bagay ou deside bliye nèt, mete sou kote

5.2.3. Tout apre yon katastwòf, kominikasyon ajans imanité kapab vini pi enpòtan pase èd answa

Lè gen katastwòf natirèl anpil fwa aktè imanité ak tout leta bay priyorite ak distribisyon èd materyèl, manje ak lòt bagay. Anpil fwa yo pa menm chèche konnen vrè nesesitye, sa moun yo genyen kòm nesesitye. Se selon sa yo panse ki priyorite yo bay moun yo, men se pa selon sa moun yo di yo genyen kòm priyorite. E kòm sa rive souvan saw panse ak sal ye tout bon toujou genyen yon gwo diferans nan mitan yo. Chak zòn genyen epi yo pa pran tan pou kreye bon relasyon ak moun yo epi etabli bon jan kominikasyon. Deklarasyon anpil moun nan Kanperen èden n konprann ke bon jan kominikasyon ant aktè kap entèveni yo ak popilasyon an ka fè yo gwo diferans menm siw pa gen pou bay. Anpil e prèske tout souliye ke

« yo ta pase wè nou omwen, konsa nou ta santi nou egziste¹⁹ »

« si yo te menm pase wè nou menm si yo pa pote anyen, nou ta di Bondye mèsi ».

Sa ede nou konpran ke prezans fizik moun kap ede yo pou fè yon ti pale ak moun yo ka fè moun yo santi ke yo egziste, fè yo santi yo moun, yo pa jete “dans les oubliettes” epi sa ap ba yo posibilite pou ekprime sa yo santi ak sa yo vle. Kidonk, prezans fizik aktè pou etabli kontak ak popilasyon an epi pale ak yo dirèkteman se yon aspè enpòtan nan entèvasyon imanité menm nan sitiyasyon ijans. E nou ka menm di, sa ka vini pi enpòtan pou moun yo ke sa ou pote yo. Paske lèw bay moun nan men li santil pa moun nan janw trete, saw pote a vini pa twò enpòtan paske moun yo vana tout bagay bezwen kew fè yo santi ke yo egziste epi yo gen enpòtans. Sa ta vle di ke yon nan bezwen ke moun yo genyen apre yon katastwòf se sekirite nan tèt yo ak fè yo santi ke yo egziste. Pou sa fè se prezans ak kominikasyon ki ka kreye santiman sekirite sa a ak egzistans sa a. lè nanp pale sou kominikasyon, nou vle di se itilize tout mwayen posib epi ki disponib pou enfòmè popilasyon an: radyo, pòt vwa, sound truck, reyinyon katye, bandwòl elatriye epi etabli bon jan lyen dirèk oubyen endirèk ak yo yon fason pou pèmèt yo ekprime bezwen yo, priyorite yo, fristrasyon yo, ide yo, jan yo konprann bagay yo, pwopozsyon yo swa nan reyinyon kominotè, ankèt, fokis gwoup, vizit kay pa kay, komite katye, rankont ak òganizasyon yo, ak lidè yo, pase nan legliz yo, kote ki gen rasanbleman gagè, seremoni vodou elatriye ; se sa mwen rele

¹⁹ Fòk moun wè yo, fòk yo santi yo enkli, se moun yo ye.

kominikasyon imanité. Kominikasyon sa dwe pran an kont mès moun yo, abitud yo, aktivite kominotè yo. Tout sa mwen ka rele li **KOMINIKASYON IMANITÉ**

Sa tradwi tou ke moun yo pa vle rete na yon pozisyon timoun pou yo ap pote bay yo san yo pa menm ka di sa yo vle ak sa yo panse. Moun yo kwè, ke menn si yo ape de yo, yo gen mo pa yo pou di tou. Dayè nan kilti ayisyen an, lè yon mou se resevwa yap resevwa sèlman, sa kreye yon santiman wont lakay li, li santil jennen²⁰; se sak fè menm si moun nan gran moun li toujou vle ke se li ki pou fè afèl san pèsonn. Kidonk, rete chita epi yap pote bay popilasyon rann yo enkonfòtab, sa jreye anpil fristrasyon, se dwa yo menm ki vyole epi yo santi yo blese nan dimansyon mounite yo, santi yo rabese antanke moun. Sak pi di nan tout sa, se paske sa yo ap pote pou yo a, la bay nan move kondisyon anplis se pa men sa ki priyorite pou yo oubyen yo bezwen vre.

Kidonk, li ta enpòtan ke jan enstans kap pote èd pou moun yo nan moman dezaz natirèl oubyen pwovoke yo, etabli bonjan kontak moun ak moun ak yo, aprann tande opiyon yo pou ka idantifye vrè bezwen yo epi fè yo santi ke yo konsène, sa valab ni pou otorite lokal yo, ni pou leta epi pou ONG yo tou.

Aprè tout done mwen kolekte, aprè tout pawòl popilasyon an, mwen kwè ke sa ka fè anpil diferans.

6. REKÒMANDASYON:

Pou fè rekòmandasyon map reprann pwòp pawòl moun bay kòm repons lè noumande yo, dapre ou menm ki sa ki te dwe fèt. Men kèk rekòmandasyon yo fè:

6.1. Sou kesyon depandans lan, Aktè kap vini ede yo sipoze:

- Pa kontante yo pote bay moun yo sèlman, sa ki ap kreye oubyen ranfòse depandans lan, men aprè peryòd ijans prrevwa bonjan pwojè nan nivo asenisman, anviwonman etc kote moun nan popilasyon ka patisipe swa kòm volontè oubyen tankou travayè pou yo ka kontribye nan chanjman epi jwenn kichòy pou yo fonksyone
- Eseye reflechi ak ògnaizasyon lokal yo, komite katye yo, lidè yo sou lide yo genyen ak sou pwojè yo ka ede yo fè nan zòn pa yo. Sa ka ede diminye ensatisfaksyon ki genyen yo epi konble pi plis atant mou yo;

²⁰ Marcel Mauss (2011): *Essaie sur le don*, HEC, Paris.

6.2. Sou kesyon ensatisfaksyon an

- Mache nan tout mòn pou konnen jan popilasyon an ap viv ak ki bezwen ki pi ijan pou yo. Kidonk fè bonjan evalyasyon sou sou kantite dega epi vrè ak pi gwo bezwen moun yo genyen nan chak zòn. Sa valab ni pou leta, ni pou otorite lokal yo, ni pou ONG ;
- Fè ke sa yo ap bay la fèt nan lòd epi nan respè ak diyite. Distribisyon ka ògnize yon jan kote yo prepare kit pou fanmiy, olye ke yal fè moun yo pran liy, yo ka pase pote bay o lakay yo. Lè sa ou make chak kay ki jwenn deja epi idantifye chak fanmiy ki jwen deja. Moun yo rapòte ke kwa wouj te fè konsa pou dlo, se te yon bon bagay. Yo pase ak machin dlo a, devan chak kay yo kanpe, yo fè moun yo pote veso yo epi yo plen yo pou yo. Sa bay plis transparans, li fè moun nan santil moun epi tou si tout moun pa rive jwenn sa kreye mwens fristasyon tou paske yo wè se genyen ki pa genyen ak 2 na wè yo, sa nou te pale sou li nan pwen 4.2 sou fristasyon moun yo bay yon ide klè sou pwen sa epi tablo 11 la montre nivo ensatisfaksyon moun yo tou;
Si yo pa gen pou tout moun pa enplike tout moun, si se 10 moun ou ka bay ke tout moun we ke ou fe yon bagay pou 10 moun. Paske lè ke ou elaji bagay la epi moun yo ap tann ou pa wè anyen gen twòp atant ki reye epi yo pa ka satisfè yo, sa kreye anpil bouch mare ak fristasyon ;

6.3. Kominikasyon

- ONG yo dwe chèche moun ki onèt, moun ke popsilasyon an fè konfyans, ki genyen yon bon pase ka bon renome nan lokalite yo pou jere èd la sou teren epi mete otorite yo ladanl tou menm si yo gen defo pa yo. Se moun nan zòn yo ki ka di moun yo fè konfyans vre swa na asanble katye oubyen nan ankèt, se on egzèsis konsa nou fè nan kad ankèt nou an; paske se yo ki konnen moun yo ; epi tou chak zòn genyen yon notab. Se sa ki fè kominikasyon ak popilasyon an oubyen ak strikti òganize yo enpòtan anpil, anpil avan entèbasyon yo paske y opa dwe vin itou swe tou bouke san konesans teren an. Sa gen dwa difisil dirèkteman apre yon evenman, men kèk jou apre, sa posib;
- Mache, pa rete nan biwo epi fonksyone ak yon sèl gwoup moun. Yo ta sipoze mache vin gade eta fanmiy yo pou yo pa santi yo bliye yo, yo neglije paske sa yo santi, pawòl yo, lide yo, prezans yo enpòtan

- Eseye chèche konnen moun ki plis nan bezwen yo epi fè jan ke se yo ki touche anpremye pou se pa moun pa ki anpremye epi pa gade sou figi moun pou bay èd. Sa se bonjan ankèt teren, obsèvasyon, visit kap pèmèt ou rive jwenn enfòmasyon sa yo;
- Epi pou fini, li enpòtan pou pase wè moun yo epi tabli bon jan kominikasyon ak yo pou pèmèt yo eksprime sa yo santi, bezwen yo ak priyorite yo avan desizyon pou pote bay yo. Sitou apre peyòd ijans yo sa enpòtan.

Vwala, se travay sa ke nou te fè sou teren. Nou prezante komin nan yon ti kras, nou pale sou siklòn Matye ak dega ke li fè, menm si nou pa genyen ankenn chif sou Kanperen ; nou prezante bann ak pakèt enfòmasyon nou jwenn sou teren ; nou chwazi kèk nan done sa yo pou nou fè yon ti analiz apati obsèvasyon ke nou te fè ak sa moun yo di ; epi nou pwopoze kèk solisyon ki ap itil.

BIBLIYOGRAFI

1. Bartolomé de las casas: Très brève relation de destruction des Indes; éd. La découverte, Paris, 1996.
2. Bernard Hours, « Les ONG: outils et contestation de la globalisation », Journal des anthropologues [En ligne], 94-95 | 2003, mis en ligne le 22 février 2009, consulté le 01 avril 2013. URL: <http://jda.revues.org/1941>
3. Enrique Dussel, 1492, l'occultation de l'autre, éd. Des ouvrières, Paris, 1992.
4. Gilbert Rist: Le developpement, Histoire d'une croyance occidentale, éd. Presses de la fondation national des sciences, Paris, 2007.
5. Jean Anil Louis-Juste: ONG: ki gouvènman ou ye, ed. ASID, Port-au-Prince, 2009.
6. Laënnec HURBON, Le barbare imaginaire, éd. Henry Deschamps, Port-au-Prince.
7. Sauveur Pierre Etienne. Haiti: l'invasion des ONGs, Ed. CIDHICA, Port-au-Prince, 1997.
8. Tzvetan Todorov, La conquête de l'amerique: la question de l'autre; éd. Du seuil; 1982.

WEBOGRAFI

1. IHSI, recensement par estimation, 2009.
2. <https://fr.m.wikipedia.org/wiki/Camp-Perrin>, consulté le jeudi 9 mars 2017 à 11h00

3. Mobil.francetvinfo.fr/meteo/cyclone-ouragan/ouragan-matthew/ouragan-matthew-haiti-la-grande-urgence_1862263.html, consulté le jeudi 9 mars 2017 à 12h03
4. Ici.radio-canada.ca/nouvelle/807464/Haiti-bilan-ouragan-mathhew-aide-humanitaire-croix-rouge
5. www.ouest-france.fr/catastrophe/ouragan/ouragn-matthew-haiti-le-bilan-atteint-les-1-000-morts-4549488/amp

Elkins VOLTAIRE se yon ayisyen ki fèt nan Nòdwès peyi Ayiti. li ap fè yon metriz nan syans devlopman nan Fakilte Etnoloji ki nan inivèsite Leta Ayiti epi nan menmn fakilte sa Li fè yon lisans nan sikoloji. Li gen plizyè ane eksperyans travay nan domèn imanité antanke sikològ; li patisipe nan plizyè rechèch syantifik ak anpil enstitisyon oubyen pwofesè nan inivèsite leta a tankou: Sant Egalite, Inivèsite leta Ayiti, Inivèsite Nouyòk ak Inivèsite Nò Ilinwa. Li se manm tou Asoyasyon Etid Ayisyen (HSA). Li trè aktif nan vi sosyal la atravè plizyè òganizasyon swa lap dirije tankou CHRIPPES (Centre Haïtien de Réflexion, d'Interventions Psychosociales et de Promotion à l'Épanouissement de Soi) ak ADN (Aktè Dinamik pou Devlopman Nòdwès), swa li se senp manm tankou Asosyasyon Ayisyen Sikoloji elatriye, MENORHA (Mouvement des Étudiants du Nord-Ouest pour la Réhabilitation d'Haïti).

Domèn rechèch ki enterese li se: Dwa ak devlopman timoun, se sou Tèm pinisyon kòporèl andedan fanmiy ak devlopman sikososyal timoun ke li te fè memwa lisans li; ONG, se sou tèm sa li ap fè rechèch pou travay metriz li; rezilyans kominotè ak reprezantasyon sosyal.

ANÈKS I

Komin:	Seksyon Kominal/ Katye:
Laj:	Sèks:
1. Se kiyès wap tyeke pou konnen sak pase nan zòn nan?	
2. Depi gen yon pwoblèm nan zòn nan, se kiyès ki kapab rezoud li?	
3. Dapre ou menm, ki pi gwo bezwen nou nan zòn nan? R: 1-manje, 2-dlo, 3-sante, 4-lekòl, 5-kouran/ekleraj, 6-wout, 7-travay, 8-sekirite, 9-inondasyon, 10-irigasyon, 11-kredi, 12-ankadreman /sipò pou jaden, 13-ankadreman /sipò pou lapèch, 14-lòt:	
4. Pami sa yo, kisa ki parèt pi devan? R: 1-manje, 2-dlo, 3-sante, 4-lekòl, 5-kouran/ekleraj, 6-wout, 7-travay, 8-sekirite, 9-inondasyon, 10-irigasyon, 11-kredi, 12-ankadreman /sipò pou jaden, 13-ankadreman /sipò pou lapèch, 14-lòt:	
5. Èske pwoblèm sa yo kapab rezoud? R: 1-wi, 2-non	
6. Èske nou menm menm vwazen nou kapab rezoud pwoblèm sa yo? R: 1-wi, 2-non	
7. Ki aksyon nou menm konn poze apre Siklòn Matyè?	
7a- Ou te pataje avèk vwazen/vwazin w apre siklòn nan? R: 1-wi, 2-non	
7b- Vwazen/vwazin te pataje avèk w apre siklòn nan? R: 1-wi, 2-non	
8. Dapre ou menm, èske aksyon sa yo efikas? R: 1-wi, 2-non	
9. Èske asosyasyon lokal kapab rezoud pwoblèm sa yo? R: 1-wi, 2-non	
10. Ki asosyasyon lokal yo?	
11. Ki aksyon asosyasyon lokal konn poze apre Siklòn Matyè?	
12. Dapre ou menm, èske aksyon sa yo efikas? R: 1-wi, 2-non	
13. Èske otorite lokal yo kapab rezoud pwoblèm sa yo? R: 1-wi, 2-non	
14. Ki aksyon otorite lokal konn poze apre Siklòn Matyè?	
15. Dapre ou menm, èske aksyon sa yo efikas? R: 1-wi, 2-non	
16. Èske leta kapab rezoud pwoblèm sa yo? R: 1-wi, 2-non	
17. Ki aksyon leta konn poze apre Siklòn Matyè?	
18. Dapre ou menm, èske aksyon sa yo efikas? R: 1-wi, 2-non	
19. Èske ONG kapab rezoud pwoblèm sa yo? R: 1-wi, 2-non	
20. Èske w wè ONG ki te vini apre Siklòn Matyè? R: 1-wi, 2-non	
21. (si wi) Ki ONG?	
22. Ki aksyon ONG sa a konn poze apre Siklòn Matyè?	

23. Dapre ou menm, èske aksyon sa yo efikas? R: 1-wi, 2-non
24. Ki èd ONG sa a te pote?
25. Èske w te resevwa yon sipò nan men ONG sa a? R: 1-wi, 2-non
26. Èske tout moun nan zòn nan jwenn? R: 1-wi, 2-non
27. Èske ONG ki te la anvan Matyè toujou la? R: 1-wi, 2-non
28. (si wi) Ki ONG?
29. Ki èd ONG sa a te pote?
30. Èske w te resevwa yon sipò nan men ONG sa a? R: 1-wi, 2-non
31. Èske tout moun nan zòn nan jwenn? R: 1-wi, 2-non
KÒMANSE ANREJISTRE VWA MOUN
32. Dapre ou menm, ki pi gwo fòs oubyen kapasite zòn nan genyen?
33. Kijan pou ranfòse fòs / kapasite sa a?
34. Èske sa a fèt apre siklòn nan? R: 1-wi, 2-non
35. An gwo, kijan ou ta ka evalye repons apre Siklòn Matyè?
36. An gwo, ki chanjman w wè ki te fèt apati Siklòn nan?
37. Dapre w menm, kisa ki te bon?
38. Dapre w menm, kisa ki merite chanje?
39. Kijan w ta evalye travay ONG apre Siklòn Matyè? Annape, bay nòt 1-10:
40. Dapre w menm, kisa ONG yo ta sipoze fè?
41. Èske se sa yo te fè? R: 1-wi, 2-non
42. Epi pou otorite lokal yo, kijan ou ta evalye yo apre Siklòn Matyè? Annape, bay nòt 1-10:
43. Dapre ou menm, kisa otorite lokal ta sipoze fè?
44. Èske se sa yo te fè? R: 1-wi, 2-non
45. Epi pou leta, kijan ou ta evalye leta apre Siklòn Matyè? Annape, bay nòt 1-10:
46. Dapre ou menm, kisa otorite lokal ta sipoze fè?
47. Èske se sa li te fè? R: 1-wi, 2-non
48. Èske ayisyen konn fè tèt ansanm? R: 1-wi, 2-non
49. Èske w gen lespwa sou lavni a? R: 1-wi, 2-non
50. W gen yon denye mo w ta bay nou?

MÈSI ANPIL POU TOUT TAN W AK ATANSYON W.

ANÈKS 2

TABLO KI MONTRE ONG KI TE LA AVAN AK SILA YO KI VINI APRE MATYE		
ONG	AVAN	APRE
Save the children	✓	
PROTOS	✓	
Haiti futrure	✓	
CECI		✓
OXFAM		✓
Unicef		✓
Kwa wouj Doniniken ak espanyol		✓
Samaritan's spurse		✓
CSI		✓